



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE AJANS ETA A YO POU YO PREPARE RESOUS POU
REPONS DIJANS ANVAN TANPÈT IVÈNAL FEN SEZON AN**

Avètisman kont tanpèt ivènal an vigè nan tout rejyon New York Santral, Mid-Hudson, Mohawk Valley, North Country ak rejyon Southern Tier yo

Elevasyon ki pi wo pou wè chit nèj ki pi gwo ak jiska pye nèj pou kèk pati nan rejyon NY Santral ak Mid-Hudson yo

Yo prevwa to chit nèj ki evalye a 1-2 pous pou chak èdtan jska madi maten nan North Country a

Yo mande Nouyòkè yo pou yo prepare yo pou potansyèl pye bwa ki ka tonbe ak blakawout; Pran prekosyon pandan vwayaj madi a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te mande ajans yo nan Eta a pou yo prepare resous pou repons dijans yo yon paske yo prevwa yon sistèm tanpèt ivènal fen sezon ka pote nèk ak lapli nan plizyè zòn nan Eta a kòmanse lendi kontinye jiska mèkredi maten. Avètisman kont tanpèt ivènal kont gwo nèj an vigè kounye a nan atravè zòn ki pi wo yo nan rejyon New York Santral, Mid-Hudson, Mohawk Valley, North Country ak rejyon Southern Tier yo, ki gen ladan Catskills. Zòn sa yo prevwa wè pi gwo chit nèj ak jiska yon pye nèj lou, imid ki ke yo prevwa nan kèk pati nan New York Santral ak nan rejyon Mid-Hudson yo, ansanm ak to nèj ki ka tonbe ki evalye a 1-2 pous chak èdtan nan North Country a. Etandone konsekans potansyèl sistèm sa a, Nouyòkè yo ta dwe prepare pou potansyèl branch pye bwa ki ka tonbe ak blakawout nan zòn ki gen chit nèj ki pi lou, menm si akimilasyon sifas yo minim. Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran prekosyon pandan trajè madi maten an.

"Antanke Nouyòkè, nou konnen twò byen ke sezon ivè a ka dire odela mwa mas, epi semèn sa a n ap prepare pou yon tanpèt ki prevwa pote jiska yon pye nèj nan kèk pati nan eta a, sa ki ka fè yon vwayaj dezòdone nan madi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans eta yo pare pou reponn ak sistèm tanpèt fen sezon sa a epi n ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo veye previzyon an pou enpak lokal yo epi pou yo pran prekosyon si y ap vwayaje madi."

Gen kèk pati nan rejyon New York santral ak rejyon Mid-Hudson yo prevwa wè jiska yon pye nèj nan mèkredi maten. Rejyon Mohawk Valley te kapab wè jiska sèt pous nèj, epi yo prevwa yon nèj jeneral 2-5 pous pou kèk pati nan North Country, Southern Tier ak nan Rejyon Lwès New York. Rejyon Kapital la ak rejyon Finger Lakes yo prevwa resevwa de pous nèj oswa mwens, epi rejyon Vil New York ak Long Island yo prevwa resevwa kèk pous lapli nan sistèm metewolojik la. Branch pye bwa k ap tonbe ak blakawout posib nan rejyon ki gen chit nèj ki pi gwo, menm si akimilasyon sifas yo minim.

Yo te bay plizyè avètisman, alèt ak avi kont move tan atravè eta a anvan sistèm metewolojik ivènal la. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Malgre ke nou nan plis pase mwaye mwa avril, nèj pa janm ekskli nan pa nò Eta New York la. Ekip nou yo konplètman prepare pou jere tanpèt sa a epi yo pral travay avèk patnè lokal nou yo pou asire yo gen tout resous ak sipò yo bezwen. Byenke tanpèt sa a pa anyen nouvo pou Nouyòkè yo, nou tout ta dwe rete vijilan pandan pwochen 24 èdtan yo, tcheke previzyon lokal ou a, kite anpil espas madi maten si w ap vwayaje, epi sonje pou tcheke sou zanmi ak moun ou renmen yo."

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la pral kontwòle tan ak kondisyon vwayaj yo epi kominike avèk gouvènman lokal yo anvan ak pandan evènman an. Estòk eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a ap prepare pou li entèvni avèk 3,428 sipèvizè ak operatè ki disponib nan tout eta a. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesèsè (operasyon chasnèj, drenaj, dechiktez, chajman ak transpò, koup ak lans, ekaltriye.) Anplis de sa, 75 manm pèsònèl Sistèm Kòmmanman Ensidan an disponib pou sipòte entèvansyon an jan sa nesèsè. Y ap reyevalye bezwen pou plis resous, sa gen ladan operatè, kamyon, mekanisyen ak operatè ekipman yo jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an.

Tout lokal rezidansyèl ki afekte yo pral kontinye gen anplwaye pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Tout ekipman ki disponib pou nèj ak glas yo pare pou deplwaye. Flòt mekanisyen nan zòn ki afekte yo pral gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon

epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,705 gwo kamyon chasnèj pwa lou & pwa mwayen
- 48 remòk chasnèj
- 316 chajè
- 13 kamyon nasèl
- 72 dechiktèz
- 32 kamyon siyal trafik

Sant Jesyon Sikilasyon yo nan rejyon ki afekte yo pral afiche mesaj ki gen rapò ak meteyo sou pano mesaj varyab yo ki pral itilize pou sipòte ensidan nan tan reyèl ak restriksyon veyikil potansyèl (si sa nesèsè).

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele [511](tel:511), vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Otorite Thruway

Otorite Thruway pare pou li entèvni avèk 641 sipèvizè ak operatè ki disponib. Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 356 gwo kamyon chasnèj pwa lou & pwa mwayen
- 9 remòk chasnèj
- 67 chajè
- Plis pase 113,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi y ap siveye sitiyasyon k ap devlope a epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki afekte pa move tan an. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan siyè yo, yo pare pou ede ak nenpòt repons ijans.

DEC ap konseye itilizatè nan rejyon sovaj yo pou yo konsyan ak prepare pou kondisyon avalanch akòz tan an ki ka ogmante risk avalanch ou glisad yo oswa teren apik oswa ouvri. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alètte epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York genyen apeprè 6,750 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo transfere anplwaye apwopriye nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a pal siveye kondisyon yo depre epi yo pral prepare pou deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesèsè. Tout machin katpakat ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a yo, ki gen ladan motonèj ak veyikil itilite tout tèren yo, anplas ak prè pou entèvansyon imedyat.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo ap fè preparasyon pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesèsè.

Konsèy sekirite

Deplasman nan sezon ivè

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè yo se aksidan ki gen rapò ak transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj

chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesesè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè wap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Asire ou ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan ou ap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak nèj.
- Planifye arè yo epi kenbe distans ant machin yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan <https://www.dhSES.ny.gov/safety>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)